



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ HOCHUL NAN NEW YORK
DAILY NEWS: ANGAJMAN NEW YORK SOU KRIZ SANTE MANTAL JÈN YO:
GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE PLAN LI POU ENVESTI NAN SOLISYON YO**

Jodi a, New York Daily News pibliye yon editoryal Gouvènè Kathy Hochul sou apwòch a plizyè aspè New York pou kriz sante mantal jèn yo. Tèks atik editoryal la disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

Nan dat 15 jen, mwen te fyè dèske m te rasanble plis pase 1,000 moun nan premye [Somè sou Sante Mantal Jèn](#) nan New York, kote defansè ki gen anpil sousi pou rezoud pwoblèm sante mantal san parèy anpil timoun ansanm ak adolesan fè fas te rejwenn mwen. Prezans anpil moun nan somè a — ki gen ladan ekspè nasyonal sante mantal, defansè ak founisè jèn yo, paran ak moun k ap bay swen yo, edikatè, ak lòt moun - te fè yon deklarasyon ke nou kolektivman konprann grandè kriz sa a, doulè li lakòz, ak timoun ki bezwen èd nou.

Li te ban mwen espwa tou ke nou se yon eta byenveyan ki ka travay ansanm pou fè pati solisyon an.

Timoun ak adolesan ap fè fas ak yon kriz ki pa tankou anyen peyi sa a te janm wè anvan. Jodi a, defi sante mantal yo pwofon, paske jèn nou yo ap fè fas ak yon kantite kolosal enkyetid, depresyon ak swisid. Dapre CDC a, 42% — prèske mwatye nan tout elèv lekòl segondè — santi yo toujou tris oswa san espwa. Ak 22%, patikilyèman ti fi lekòl segondè, te konsidere ke altènativ ak lavi t ap pi bon.

Pami jèn LGBTQ yo, ki te vin de pli zan pli sib atak ki gen motivasyon politik bò kote ekstremis ekstrèm dwat yo, nimewo yo pi chokan toujou. Prèske 70% nan timoun LGBTQ yo santi yo toujou tris oswa san espwa. Pami yo, 37% te fè yon plan swisid.

Pousantaj swisid pami jèn Nwa yo rive nan yon pousantaj enkyetan, ki ogmante nan 37% ant 2018 ak 2021. An reyalyte, nimewo sa yo pa konsidere tout efè pandemi an, ki te afekte sante mantal timoun ak adolesan yo nan fason nou poko konprann nèt.

Nimewo sa yo fè pè, epi kòm premye manman ki gouvènè Eta New York — ak yon moun ki te wè timoun k ap soufri — yo pèsònèl. Plis pase nenpòt bagay, estatistik yo se yon rapèl enkyetan ke sa nou te fè a tou senpleman pa ase.

Pandan twò lontan, nou te mwens envesti nan swen sante mantal, ak plizyè deseni ap inyore kriz sa a, espesyalman nan lekòl yo, mennen nou nan yon pwen kritik, ke COVID la te sèlman agrave, yon epidemi nasyonal vyolans ak zam, ak yon ogmantasyon depandans sou rezo sosyal pou koneksyon.

Lè yo te pale ak timoun yo epi te tandè istwa izòlman, laperèz, ak pèt yo, yo te toujou klè: yo bezwen plis èd. Yo bezwen plis pwofesyonèl sante mantal nan lekòl yo, pa yon sèl konseye pou yon lekòl ki gen 700 elèv. Yo bezwen aprann nan yon anviwònman ki pa bay laperèz pou vyolans zam, ki vin pi gwo kòz lanmò pou timoun ak adolesan. Yo bezwen fòmasyon pou diskite sou pouvwa rezo sosyal yo ak enpak li sou sante mantal nan fason entelijan, reflechi.

Plis pase nenpòt bagay, yo bezwen pou nou tout kanpe epi pran mezi pou mete an aplikasyon mezi odasye, ki gen bon sans ki ka bese kriz sa a.

Kòmansè ane sa a, administrasyon mwèn an te fè premye pa nan direksyon pou etabli solisyon siyifikatif pou kriz sa a nan mete fen nan plizyè ane mank investisman nan swen sante mantal. N ap revize tout sistèm nan avèk yon investisman alontèm, 1 milya dola pou bay sèvis pou tout nivo bezwen yo, anpeche moun yo pase inapèsi, epi asire tout moun jwenn swen sou yon baz kontinyèl. Anplis de sa, nou te anonse yon investisman istorik 34.5 milya dola nan edikasyon ak 347 milyon dola nan finansman prevansyon vyolans ak zam, sa ki pèmèt nou pran apwòch global ak konplè pou ede jèn nou yo.

Anplis de sa, nou pral defini espesyalman kisa politik alavni New York kapab aplike pandan y ap pouse lòt eta yo ak gouvènman federal la yo suiv egzanp nou. Sa yo ta dwe gen ladan mezi pou anpeche rezo sosyal yo atake timoun nou yo epi redwi enfliyan li sou sante mantal yo, entegre pwofesyonèl nan kominote kriz sa a plis afekte (egzanp, LGBTQ, kominote Nwa ak Latino), epi envesti nan pwogram rechèch sante mantal nasyonal pou ede enfòmè desizyon politik alavni yo.

Finalman, nou pral kontinye travay dirèkteman ak moun kriz sa a afekte yo: jèn yo. Apre nou te òganize vizit pou koute ak timoun ak adolesan nan tout eta a ak rasanble anpil Nouyòkè ki angaje nan Somè sou Sante Mantal Jèn nou an, enpòtans vwa jèn k ap ede fòme konvèsasyon an pa ta ka pi klè pase sa, epi li pral esansyèl pou yo nan premye plan pandan n ap devlope nouvo politik yo.

Aksyon kritik sa yo se jis kòmansman an. Yo pwomèt konsidere kesyon difisil yo, bay repons ki pa konvansyonèl ak defye sitiyasyon aktyèl la sou sante mantal. Pou di sa pi senp toujou, yo se yon pwomès pou nou fè plis.

Ansanm, avèk plizyè milye moun ki te rasanble epi ki te prete vwa yo nan somè a — ak plizyè milyon lòt moun ke pwoblèm sa a tèlman pèsone — mwèn kwè ke nou ka akonpli plis kòmansè jodi a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)